



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 11.4 MILYON DOLA POU LOJMAN SIPÒ YO NAN BROOKLYN AK BUFFALO

Twa Pwojè Gen Ladan Yo 80 Kay Lojman Sipò yo pou Moun Ki Sanzabri yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 11.4 milyon dola nan finansman leta pou twa devlopman lojman sipò yo nan Buffalo ak Brooklyn. Pwojè yo pal kreye oswa prezève 80 kay lojman pou moun New York ki sanzabri yo ki te sipòte pa finansman ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap an (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) nan Eta New York lan.

“Soti depi nan Brooklyn pou rive Buffalo, nou ap konstwi nouvo lojman sipò epi ki a pri abòdab yo pou bay moun New York ki pi vilnerab yo yon kote pou yo rele lakay yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Twa pwojè sa yo pral ede revitalize vwazinaj yo kote yo lokalize, ofri lojman pwòp, sekirize epi ki a pri abòdab, epi sipòte transfòmasyon ak kwasans kominote yo.”

Lojman sipò yo jwe yon wòl enpòtan nan sipase yon varyete kondisyon ki te ka kontribiye nan moun ki ap vin sanzabri yo nan bay aksè fasil a sèvis ki pral ede yo rete loje yon fason ki estab. Sèvis ke yo bay nan twa devlopman sa yo pral enkli jesyon dosye yo, swen sante mantal, edikasyon, tretman abi sibstans ak sipò pwofesyonèl, pami lòt bagay yo.

Òganizasyon ki ap resevwa finansman yo se:

- **CAMBA Housing Ventures Inc., Brooklyn - 5.5 milyon dola** - Yo pral itilize finansman sa pou nouvo konstwiksyon yon batiman ki gen ywit etaj ki, lè yo konbine ak lòt sous finansman yo, pral kreye 71 kay lojman pèmanan, ki enkli 42 kay lojman sipò pou moun ki te anvan sa sanzabri yo.
- **Western NY Veterans' Housing Coalition, Inc., Buffalo - 1.3 milyon dola** - Yo pral itilize finansman sa pou reyamenaje yon batiman ke òganizasyon an ap opere aktyèlman kòm lojman veteran sanzabri epi ki gen revni fèb yo. Ansanm ak lòt sous finansman yo, prim sa pral prezève 41 kay, ki enkli 15 kay lojman sipò pou veteran sanzabri yo.

- **Cazenovia Recovery Systems, Inc., Buffalo - 4.7 milyon dola** - Yo pral itilize finansman sa pou reyamenaje konsiderableman yon batiman ki vakan, epi kreye 23 kay lojman sipò pèmanan pou moun ki sanzabri yo nan retablisman alontèm pou twoub abi sibstans yo.

Pwojè sa yo fè pati Plan Aksyon Lojman A Pri Abòdab ak pou Sanzabri (Homelessness and Affordable Housing Action Plan) 20 milya dola Gouvènè Cuomo an, ki enkli 10 milya dola ki konsakre nan kreyasyon ak konsèvasyon 100,000 kay lojman ki a pri abòdab, ak 10 milya dola ki konsakre nan konbat pwoblèm sanzabri a apati devlopman 6,000 nouvo kay lojman sipò pèmanan yo. Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a se yon pati enpòtan nan plan Gouvènè a.

Komisyone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Samuel D. Roberts di konsa, “Tout moun merite pou gen yon twati sou tèt yo epi pwojè sa yo pral bay sa ak anpil lòt bagay ankò pou kèk nan moun New York ki pi vilnerab yo. Nou angaje nan fè tout sa nou kapab pou ede reyalize plan global Gouvènè a pou abòde sityasyon sanzabri yo nan Eta New York”.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), te deklare, “Prim ke yo te bay atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an yo pral ede CAMBA Housing Ventures Inc. konstwi 44 kay lojman pou moun ki te anvan sa sanzabri yo ki ap viv ak maladi mantal. Nou menm nan OMH fyè pou nou travay ak kòlèg nou yo ki nan OTDA, ede bay vwazen ki pi vilnerab nou yo yon opòtinite pou viv, epi pwospere, nan kominote yo”.

Komisè Biwo pou Sèvis Abi Alkòl ak Sibstans lan (Office of Alcohol and Substance Abuse Services), Arlene González-Sánchez te di, “Lojman estab epi fyab li esansyèl pou moun ki nan retablisman pou twoub abi sibstans yo. Pwojè sa pral ede asire ke sila yo ki nan bezwen gen aksè a sèvis ki enpòtan yo, epi bay yo yon opòtinite pou kapab rekonstwi lavi yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li kontinye travay pou amelyore kalite lavi pou sila yo ki an retablisman, ak pou tout moun New York”.

Eric J. Hesse, ki se Direktè Divizyon Afè Veteran (Division of Veterans’ Affairs) Eta New York, te deklare, “Sakrifis ke Veteran nou yo te fè nan sèvis pou eta nou an ak peyi nou an yo imans. Sepandan, tranzisyon soti nan lavi militè pou ale nan lavi sivil lan li pa ni kout ni fasil. Pandan ke Veteran sa yo ap kontinye vwayaj yo, Gouvènè Cuomo te asire ke yo pral gen lojman ki konfòtab epi sekirize ki, se yon pati esansyèl nan kòmansman pwosesis pou Veteran yo retounen entegre nan kominote yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Inisyativ tankou HHAP a yo enpòtan pou kraze sikl sityasyon sanzabri an. Aksè a lojman estab ak sèvis kalite yo pral bay moun sa yo resous ke yo bezwen pou kapab pran endepandans yo, pandan ke y’ap investi similtaneman nan vwazinaj ki pi djanm epi ki pi dinamik sou plan ekonomik. Ak 11.4 milyon dola sa nan finansman an, Gouvènè a te yon lòt fwa ankò montre angajman li nan amelyore lavi moun New York ki plis bezwen asistans nou yo”.

Senatè Chris Jacobs te di, “Veteran nou yo merite yon pi bon desten pou sakrifis ke yo te fè pou peyi nou an, epi yon anviwònman ki estab li absoliman enpòtan pou kapab asire yon retablisman ki reyisi pou moun ki frape pa abi sibstans yo. Antan ke yon avoka veteran depi lontan epi Ko-Prezidan Fòs Entèkansyon Sena a sou Adiksyon Ewoyin ak Opyoyid lan (Senate Task Force on Heroin and Opioid Addiction), mwen kontan anpil pou sipò de pwojè ki valab anpil sa yo, epi mwen konnen ke investisman 5 milyon dola konbine yo pral gen yon enpak konsiderab”.

Senatè Timothy Kennedy te di, “Mwen te vizite ane pase etablisman Western NY Veterans Housing Coalition lan ki nan Basilone Manor, epi mwen te wè dirèkteman gwo travay ke òganizasyon yo an ap fè, menm jan ak nesesite pou fè modènizasyon nan batiman an. Veteran ki te batay pou nasyon an yo merite yon kote ki sekirize pou yo rele lakay yo, epi finansman sa pral asire ke abitan nan Basilone Manor yo gen ekipman modèn ke yo merite. Ak ajou nouvo kay yo ki pral kreye pa Cazenovia Recovery Systems, sa se yon anons enteresan pou Rejyon Lwès New York. Mèsi a Gouvènè Cuomo pou lidèchip li, epi mèsi a de òganizasyon sa yo pou travay yo nan non popilasyon Rejyon Lwès New York lan”.

Senatè Jesse Hamilton te deklare, “Konbat kriz lojman nou an sa mande aksyon ki jwenn konsantman atravè gouvènman an. Se poutèt sa mwen akeyi anons Gouvènè Cuomo jodi a pou 11.4 milyon dola nan finansman leta pou lojman sipò yo, ki enkli yon investisman 5.5 milyon dola isit la nan Brooklyn. Nou bezwen chèche opòtinite pou bay asistans nan kominote ki pi vilnerab yo atravè Brooklyn, epi atravè Eta nou an, ki ap eseye sipase kriz lojman sa. Investisman sa reprezante yon etap adisyonèl enpòtan nan direksyon sa”.

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “Lojman sipò yo ap ranfòse kominote nou yo epi bay yon liyè lespwa pou sila yo ki ap fè fas a sitiyasyon sanzabri, epi ki ap eseye retounen leve kanpe. Investisman enpòtan sa ki te fèt pa Eta New York lan li pral amelyore lavi moun New York yo soti Buffalo rive Brooklyn. Mwen fyè poutèt mwen te travay ansanm ak kòlèg mwen yo ki nan kò lejislatif la ansanm ak Gouvènè a pou fè finansman sa vin yon reyalyte”.

Majistra Byron Brown te deklare, “Sa se yon nouvel mèveye pou WNY Veterans Housing Coalition lan ak Cazenovia Recovery Systems, ki toulède te travay san relach pou elimine sitiyasyon sanzabri yo nan Vil Buffalo. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ak Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap an nan Eta New York lan. 6 milyon dola sa pral pèmèt ajans sa yo prezève 41 kay lojman epi kreye 23 nouvo kay lojman pou veteran nou yo ak moun ki nan retablisman alontèm yo pou twoub abi sibstans yo”.

###